

## A

**abolitionist / abolisyonis** se yon moun ki dakò nèt pou lesklavaj fini (p. 92)  
**affirmative action / aksyon afimatif** se yon jefò aktif pou amelyore edikasyon ak opòtinite travay pou gwoup minoritè ak fanm yo (p. 902)  
**affluence / richès** se lè moun gen anpil byen (p. 822)  
**airlift / pon ayeryen** se yon sistèm transpò manje ak ravitayman pa avyon nan zòn ki enposib pou ale nan machin (p. 792)  
**allege / alejans** se fè deklarasyon san prèv (p. 808)  
**alliance system / sistèm alyans** se akò sou defans ant peyi yo (p. 667)  
**amendment / amandman** se yon chanjman ki fèt nan yon dokiman ofisyèl, tankou Konstitisyon an (p. 27, 39)  
**anarchist / anachis** se moun ki kwè pa ta dwe gen gouvènman (p. 701)  
**anarchy / anachi** se dezòd ak san respè pou lalwa (p. 658)  
**annex / anekse** se ajoute yon teritwa sou pwòp teritwa yon peyi (p. 86)  
**annexation / aneksyon** se mete yon zòn sou kontwòl yon gwo peyi (p. 645)  
**anti-Semitism / anti-Semitis** se konfli oswa diskriminasyon kont Jwif yo (p. 753)  
**apartheid / apatèd** se separasyon rasyal ak diskriminasyon ekonomik ak politik kont moun nwa, se yon politik ki te konn pratike nan Repiblik Afrik-di-Sid (p. 912)  
**appeasement / apezman** se akseptasyon demand ki nesèsè pou evite konfli (p. 755)  
**appropriate / afekte** se konsève yon bagay pou yon bi espesyal, espesyalman lajan (p. 41)  
**arbitration / abitraj** se règleman yon konfli kote pati yo aksepte desizyon yon etranje san paspouki (p. 621)  
**armistice / amistis** se yon akò tanporè pou lapè pou batay yo kapab sispann (pp. 652, 680)  
**arms race / konpetisyon zam** se yon konpetisyon ant Etazini ak Linyon Sovyetik kote youn t ap eseye fè plis zam pase lòt pou fòs militè youn kapab pi fò pase fòs militè lòt la (p. 817)  
**arsenal / asenal** se yon depo pou mete zam ak minisyon (p. 448).  
**assembly line / chèn montaj** se yon sistèm pwodiksyon avèk machin ak travayè ki òganize pou chak moun kapab fè plizyè fwa travay yo ba li pandan atik la ap pase devan li (p. 565)  
**assimilate / asimile** se entegrasyon yon gwoup nan kilti yon popilasyon ki pi gran (p. 585)  
**autocracy / otkrasi** se yon gouvènman kote yon sèl moun gen pouvwa san limit (p. 675)  
**automation / otomatizasyon** se yon sistèm oswa pwosesis ki sèvi ak aparèy mekanik oswa elektwonik pou ranplase fòs travay moun (p. 830)

## B

**baby boom / babiboum** se yon gwo ogmantasyon nesans timoun, espesyalman nan Etazini imedyatman apre dezyèm gè mondyal la (p. 822)  
**balance of power / rapò fòs** se distribisyon pouvwa ant peyi yo pou okenn peyi pa ni domine ni foure bouch nan zafè lòt (pp. 667, 897)  
**bankruptcy / fayit** se lè yon moun pa kapab peye dèt li; lè byen yon moun sou kontwòl oswa vann pou peye moun li dwe lajan (p. 933)

**barrio / katye latino-ameriken** se yon katye moun ki pale Panyòl nan yon vil, espesyalman nan sidwès Etazini (p. 633)

**black codes / kòd nwa** se lwa ki te adopte nan Sid yon ti tan apre Lagè Sivil. Lwa sa yo te la pou kontwòle esklav lib yo epi pou pèmèt pwopriyetè plantasyon yo eksplwate travayè Afriken Ameriken yo (p. 98)

**blacklist / lis nwa** se lis non moun yo pa apwouve epi ki anba pinisyon, tankou moun yo refize bay travay (p. 807)

**blitzkrieg / blitskrig** se fason yo te rele atak brital Alman yo te konn fè sanzatann pandan Dezyèm Gè Mondyal la; “atak sipriz” (p. 759)

**blockade / blokis** se lè twoup oswa bato lagè koupe yon zòn pou sispann ravitayman oswa popilasyon an antre oswa sòti nan zòn nan; se fèmte pò yon peyi (p. 869)

**border states / leta fwontalye** se leta ant Nò ak Sid ki te opoze sou kondisyon pou rete nan Inyon oswa pou antre nan Konfederasyon an (p. 96)

**boycott / boyikotaj** vle di refize achte atik nan yon peyi espesyal (p. 21); se lè yon moun refize sèvi ak yon atik pou li montre li pa dakò oswa li pa aksepte kondisyon yon lòt pa lafòs (p. 841)

**brand / etanp** se yon senbòl cho ki sèvi pou tanpe po bèt pou montre kimoun ki mèti li (p. 534)

## C

**cabinet / konsèy minis** se yon gwoup konseye ki osèvis prezidan an (p. 75)

**Carlifornios / Kalifònyòs** se Meksiken ki te konn viv nan leta Kalifòni (p. 373)

**canal / kanal** se yon wout navigab atifyèl (p. 89)

**casualty / viktim** se militè yo tiye, blese oswa kaptire (p. 97)

**censure / sansire** se manifeste dezapwobasyon fòmèl pou kèk aksyon (p. 809)

**checks and balances / sistèm pouvwa ekilibre** se sistèm kote chak branch gouvèman an gen konwòl sou lòt de (2) branch yo pou okenn branch pa vin gen twòp pouvwa (p. 37)

**circumnavigate / sikoumnavige** se navige toupato nan lemond (p. 9)

**citizen / sitwayen** se yon moun ki onèt epi ki gen dwa pou jwenn pwoteksyon nan yon leta oswa nan yon peyi (p. 47)

**civil disobedience / dezobeyisans sivil** se refi pou obeyi lwa yo konsidere enjis tankou lè yo itilize yon fason pou fè presyon san vyolans pou yo kapab chanje lwa yo (p. 842)

**civil service / sèvis sivil** se yon gwoup fonksyonè gouvènman an ki pa eli nan eleksyon (p. 612)

**closed shop / konpayi sendike** se kote patwon an anboche sou kontra manm sendika yo sèlman (p. 798)

**cold war / lagèfwad** se yon lit k ap pouswiv avèk metòd ki kapab fè lagè deklanche akòz diferans politik ki genyen ant peyi yo (p. 792)

**collective bargaining / negosyasyon ant travayè ak patwon** se diskisyon k ap fèt sou salè, orè ak kondisyon travay ant yon patwon ak reprezantan sendika travayè yo (p. 574)

**concurrent powers / pouvwa konkiran** se pouvwa ki pataje ant gouvènman leta yo ak gouvènman federal la (p. 37)

**conquistador / konkeran** se eksploratè Panyòl nan Lamerik nan ane 1500 yo (p. 9)

**conservation / konsèvasyon** se pwoteksyon ak prezèvasyon resous natirèl (p. 622)

**consolidation / fizyon** se pratik pou fòme yon sèl konpayi avèk plizyè konpayi diferan (p. 557)

**constituents / elektè** se moun manm Kongrè a reprezante (p. 41)

**containment / kont espansyon** se politik oswa pwosesis pou evite devlopman yon pouvwa defavorab (p. 791)

**convoy / karavàn** se yon gwoup moun k ap vwayaje ak yon bagay, tankou yon bato, pou yo kapab powteje l (p. 678)

**cooperative / koperativ** se magazen kote kiltivatè yo te konn achte pwodui youn nan men lòt; se yon atrepriz moun posede epi ap opere pandan y ap pran sèvis ladan (p. 549)

**corporation / sosyete** se yon antrepriz kote moun ki envesti yo posede aksyon (p. 568)

**cotton gin / machin pou netwaye koton** se yon machin ki retire grenn nan fib koton (p. 81)

**counterculture / kont-kilti** se yon mouvman sosyal ki gen valè opoze ak sa ki nan yon sosyete etabli (p. 878)

**counter-terrorism / anti-teworis** se aktivite militè oswa politik yo mete sou pye pou konbat teworis (p. 949)

**coup / koudeta** se lè yon ti gwoup ranvèse yon gouvènman sanzatann (pp. 873, 930)

**credibility gap / mank kredibilite** se mank konfyans; se yon tèm ki te itilize pou dekri fason moun pa t kwè deklarasyon administrasyon Johnson t ap fè yo sou Lagè Vyetnam nan (p. 879)

## D

**D-Day / Jou “J”** se jou fòs Alye yo te anvayi peyi Lafrans pandan Dezyèm Gè mondyal la; se jou ki te 6 jen 1944 (pp. 772, 774)

**default / defayans** se lè yo pa satisfè yon obligasyon, espesyalman yon obligasyon finansyè (p. 726)

**deferment / ranvwa** se yon eskiz konsèy revizyon an bibliye pou aksepte eskiz yon moun ki nan sèvis militè bay pou divès rezon (p. 878)

**deficit / defisi** gen defisi lè depans yo pi plis pase revni (p. 903)

**demilitarized zone / zòn demilitarize** se zòn kote yo pa aksepte ni fòs militè ni zam (p. 805)

**deport / depòtasyon** se voye ale etranje yo konsidere danjere nan yon peyi (p. 701)

**deregulation / deregilasyon** se lwa sou anilasyon restriksyon ak règleman gouvènman an mete sou biznis yo (p. 923)

**detente / detant** se yon politik ki tante pou adousi oswa soulaje tansyon ki egziste ant peyi yo (p. 897)

**dictator / diktatè** se yon dirijan k ap gouvène avèk otorite absolè, anjeneral yon fason kriyèl oswa brital (p. 753)

**disarmament / dezameman** retrè zam (p. 761)

**discrimination / diskriminasyon** se tretman enjis yo fè sou yon gwoup moun; se tretman inegal akòz ras moun nan, relijyon li, orijin etnik li, oswa kote li fèt (p. 628)

**dissent / kontestasyon** se dezakò oswa opozisyon ak yon lide (p. 685)

**dividend / dividand** se yon pataj aksyonè yo fè avèk pwofi yon konpayi, anjeneral tankou yon peman kach (p. 568)

**dollar diplomacy / diplomasi dola** se yon politik pou sipòte enterè komèsyal yon peyi avèk enterè diplomatik li nan peyi etranje (p. 659)

**domestic tranquility / trankilite domestik** se konsèvasyon lapè nan yon peyi (p. 35)

**domino theory / teyori domino** se lè yo kwè si yon peyi nan Lazi te tonbe nan men Kominis yo, peyi toupre yo kapab swiv li (pp. 819, 873)

**dove / kolonb** se yon moun ki pa dakò pou gen lagè oswa yon politik lagè, tankou moun ki te kont Lagè Vyetnam nan (p. 878)

**dry farming / agrikilti asèk** se yon fason pou fè lakilti nan tè sèk kote yo plante grenn yo fon nan tè ki imid (p. 539)

**due process of law / dispozisyon pou pwoteje libète moun** se lè moun panse gouvènman an dwe swiv pwosedi lalwa ki etabli epi ki garanti nan Konstitisyon (p. 46)

**Dust Bowl / Bòl Pousyè** se non yo bay zòn sid Grann Plèn kote sechrès ak tanpèt pousyè te sakaje anpil nan ane 1930 yo (p. 736)

## E

**emancipate / afranchi** esklav ki lib (p. 64)

**embargo / anbago** se yon lòd ki entèdi echanj komèsyal avèk lòt peyi (p. 899)

**emigrate / imigre** se lè yon moun kite peyi li pou al viv nan yon lòt peyi (p. 583)

**entente / antant** se yon akò ki fèt ant peyi yo (p. 667)

**enumerated powers / pouvwa enimere** se pouvwa gouvènman federal sèlman (p. 37)

**escalate / entansifye** ogmante oswa devlope (p. 874)

**espionage / espyonaj** fè espyon (p. 686)

**ethnic group / gwoup etnik** se yon minorite ki pa pale menm lang epi ki p ap swiv menm koutim avèk majorite popilasyon yon peyi (pp. 583, 667)

**evolution / evolisyon** se teyori syantifik ki fè kwè moun ak lòt kreyati vivan te evolye nan yon epòk (p. 718)

**executive order / dekrè prezidansyèl** se yon dekrè chèf egzekitif la pibliye ki gen fòs yon lwa (p. 867)

**exile / egzile** se yon moun yo fòse kite peyi li (p. 868)

**expansionism / ekspansyonis** se yon politik ki mande pou ogmante fwontyè yon peyi (p. 639)

**expatriate / ekspatriye** se yon moun ki kite peyi li epi li deside al viv nan yon lòt peyi (p. 716)

## F

**fascism / fasis** se yon sistèm politik avèk yon diktatè alatèt ki egzije nasyonalis ak rasis egzajere epi ki pa tolere okenn opozisyon (p. 753)

**favorite son / kandida prefere** se kandida ki resevwa sipò leta lakay li olye sipò pati nasyonal la (p. 83)

**federal debt / dèt federal** se kantite lajan gouvènman federal la dwe (p. 924)

**federalism / federalis** se pataj pouvwa ant gouvènman federal la ak gouvènman leta yo (p. 37)

**Federalist / Federalis** se moun ki sipòte Konstitisyon an (p. 27)

**federation / federasyon** se yon kalite gouvènman ki ini diferan gwoup ansanm (p. 6)

**feminist / feminis** se yon moun k ap sipòte oswa ki aktif nan pwomosyon dwa fanm (p. 857)

**flapper / fanm entrepid** se jenn fanm ane 1920 yo ki pa t respekte byenseyans nan konpòtman yo ak fason yo te konn abiye (p. 714)

**flexible response / ripòs gradye** se yon plan inite militè espesyal yo itilize pou reziste kont geriya (p. 867)

**Fourteen Points / Katòz Pwen** se plan lapè Woodrow Wilson te pwopoze pou fini ak Premye Gè Mondyal la epi pou restriktire peyi Lewòp yo (p. 869)

**free silver / sikilasyon lib pyès monnen** se pwodiksyon pyès monnen san limit (p. 550)

**freedman / moun lib** se yon moun ki pa nan esklavaj ankò (p. 502)

**front / fwon** se yon kote ki te gen lagè (p. 679)

**fundamentalist / fondamantalis** se yon moun ki kwè nan espikasyon literal (motamo) tèks relijye ak nan obeyisans sevè lwa relijye yo (p. 913)

## G

**genocide / jenosid** se destriksyon volontè yon gwoup rasyal, politik oswa kiltirèl (p. 775)

**ghetto / geto** se yon zòn nan yon vil kote yon gwoup minoritè ap viv akòz presyon sosyal oswa ekonomik (p. 830)

**ghost town / vil mòt** se ansyen vil ki te gen min epi ki abandone (p. 530)

**Gilded Age / Lajdò** se non ki asosye ak Lamerik nan fen ane 1800 yo, anrapò ak richès estrawòdinè kèk moun epi ak povrete ensipòtab ki vin parèt nan peryòd la (p. 592)

**glasnost / glasnòs** se yon politik Inyon Sovyetik ki dakò pou moun fè plis diskisyon lib sou pwoblèm politik ak sosyal. Politik sa a dakò tou pou mou gaye nouvèl ak enfòmasyon yo (p. 925)

**global warming / rechofman atmosferik** se yon ogmantasyon tanperati mondyal la san rete (p. 944)

**grass roots / baz** se sosyete lokal ak popilè ki lwen ak sant politik oswa kiltirèl yo (p. 936)

**Gross Domestic Product / Pwodui Enteryè Bri** se valè tout byen ak sèvis ki pwodui nan yon peyi pandan peryòd yon lane (p. 938)

**Gross National Product / Pwodui Nasyonal Bri** se valè total byen ak sèvis moun k ap viv nan yon peyi pwodui pandan yon ane, san konsidere kote pwodiksyon an fèt (p. 709)

**guerrilla warfare / geriya** se yon atak teknik sanzatann ki itilize nan batay yon lagè; batay yon ti gwoup gèrye ki itilize taktik tankou anbiskad sanzatann (pp. 25, 867)

## H

**hawk / fokon** se yon moun k ap sipòte lagè oswa politik lagè, tankou sipòtè Lagè Vyetnam yo (p. 878)

**Hispanic / Latino-Ameriken** se yon moun ki fè pati oswa ki se desandan pèp ki sòti nan peyi latino-ameriken yo oswa nan peyi Lespay (p. 858)

**Holocaust / Olokos** se non yo bay masak Nazi yo te fè sou pèp Jwif yo ak sou lòt gwoup yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la (p. 776)

**homestead / tè federal** se mòso tè leta nan Etazini moun te konn chèche jwenn pou yo abite ak pou yo fè lakilti (p. 537)

**horizontal integration / integrasyon orizontal** se sistèm pou fòme yon sèl sosyete avèk antrepriz k ap fè konkirans yo (p. 569)

**hot line / liy dirèk 24 èdtan pa jou** se yon liy telefòn dirèk pou rele lè gen ijans (p. 912)

**Hundred Days / Sant Jou** se yon sesyon espesyal Kongrè a ki te fèt pou rezoud pwoblèm Lagrann Depresyon an (p. 732)

## I

**impeach / akize** se mete akizasyon fòmèl sou yon fonksyonè leta pou move konduit li genyen nan fonksyon li (pp. 41, 98, 938)

**impeachment / miz annakizasyon** se akize yon fonksyonè leta pou move konduit li genyen nan fonksyon li; si yo jwenn fonksyonè a koupab nan yon tribinal ki deziyen pou fè jijman an, y ap retire fonksyonè a nan fonksyon li (p. 906)

**imperialism / enperyalis** se aksyon yon peyi itilize pou egzèsè kontwòl politik oswa ekonomik sou peyi ki pi piti oswa ki pi fèb (p. 640)

**implied powers / pouvwa enplisit** se pouvwa ki pa endike aklè nan Konstitisyon an (p. 39, 76)

**incumbent / [ki] an fonksyon** se yon moun ki an fonksyon nan yon biwo oswa nan yon pozisyon (p. 939)

**Industrial Revolution / Revolisyon Endistriyèl** se chanjman sosyete agrè a yon lòt sosyete ki baze sou endistri ki te koumanse nan peyi Grannbretay epi ki te gaye nan Etazini nan ane 1800 (p. 81)

**inflation / enflasyon** se yon ogmantasyon san rete pri byen ak sèvis (p. 796)

**initiative / inisyativ** se dwa sitwayen yo genyen pou yo pwopoze yon lwa oswa yon zafè devan elektè yo pou apwobasyon (p. 614)

**injunction / enjonksyon** se yon desizyon tribinal adopte pou sispann yon aksyon, tankou yon grèv (p. 575)

**installment buying / peman pa tranch** se yon sistèm peman pou byen yon kliyan pwomèt pou li fè pa vèsman regilye sou yon peryòd tan (p. 711)

**integrate / entegre** sispann zafè separasyon ras yo epi fè yo patisipe nan yon asosyasyon san fòskote nan sosyete a (p. 840)

**Internet / Entènèt** se yon lyezon mondyal rezo òdinatè (p. 943)

**internment camps / kan entènman** se sant detansyon kote yo te mennen Japonè ak Ameriken pou fèmen yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la (p. 768)

**interstate / ant leta** atravè limit leta; limit ki konekte oswa ki egziste ant de oswa plis leta (p. 849)

**iron curtain / rido fè** se baryè politik ak ekonomik pou izole peyi Sovyetik ki te anba kontwòl peyi Lewòp-de-Lès yo apre Dezyèm Gè Mondyal la (p. 790)

**ironclad / kwirase** se yon veso naval ki blende (p. 97)

**island hopping / zile an zile** se yon estrateji yo te itilize pandan Dezyèm Gè Mondyal la ki mande pou atake epi kaptire sèten zile kle epitou zile sa yo te sèvi kòm baz pou ale nan lòt yo (p. 779)

**isolationism / izolasyonis** se yon politik nasyonal ki kont patisipasyon nan zafè lemond (pp. 639, 707)

**isthmus / ism** se yon band etwat ki konekte de (2) espas tè (p. 657)

## J

**joint stock company / sosyete pa aksyon** se yon konpayi kote envestisè yo achte aksyon pou yo kapab pataje pwofi ki pral fèt nan konpayi an (p. 12)

**judicial review / revizyon jidisyè** se pouvwa Tribinal Siprèm genyen pou detèmine si yon lwa vyole Konstitisyon an (p. 40)

## K

**kamikaze / kamikaz** pandan Dezyèm Gè Mondyal la, yon pilòt suisid japonè te gen misyon pou lage avyon an sou sib li (p. 779)

## L

**laissez-faire / lesefè** se politik ki endike gouvènman an ta dwe fè pi piti entèvensyon an nan ekonomi peyi a (p. 621)

**land-grand college / distribisyon tè pou kolèj** okòmansman, se te yon kolèj agwonomi yo te kreye annakò ak Lwa Morrill 1862 a pou te distribiye ba leta yo gwo kantite tè federal ki kapab vann pou jwenn lajan pou edikasyon (p. 598)

**League of Nations / Lig Nasyon** se yon asosyasyon peyi ki te pwopoze nan Katòz Pwen Wilson yo pou garanti lapè epi pou rezoud diskisyon entènasyonal yo (p. 689)

**lease / bay** sedè yon pwopriyete pou lokasyon (p. 705)

**lend-lease / prè-bay** se lwa yo te adopte pandan Dezyèm Gè Mondyal la pou pèmèt Etazini vann, prete oswa lwe zam oswa lòt materyèl lagè ba nenpòt peyi yo konsidere “enpòtan pou defans Etazini” (p. 761)

**line-item veto / veto sou liy selektif** se pouvwa ki pèmèt prezidan an anile diferan pòs depans nan yon bidjè oswa yon pwojè-lwa (p. 937)

**lode / filon** se yon mas oswa band minrè ki kwense nan mitan kouch wòch yo (p. 529)

**Loyalists / Lwayalis** se kolon ameriken ki te rete fidèl a Grannbretay epi ki te kont lagè pou endepandans (p. 24)

## M

**maize / mayi** se premye fòm sereyal Endyen Ameriken yo te devlope (p. 5)

**majority / majorite** se plis pase lamwatye (p. )

**Manifest Destiny / Destine Manifès** se lide popilè ki te nan Etazini pandan ane 1800 yo pou peyi elaji fwontyè li nan Pasifik la (p. 85)

**martial law / lwa masyal** se lwa fòs militè aplike nan teritwa okipe oswa nan kadijans (p. 887)

**mass media / medya** se fason pou kominike ak plizyè moun, tankou jounal, radyo ak televizyon (p. 714)

**mass production / pwodiksyon an seri** se pwodiksyon gwo kantite byen nan machin ak nan chèn montaj anjeneral (p. 566)

**materialism / materyalis** se twòp enpòtans pou byen fizik ak konfò (p. 830)

**Mayflower Compact / Akò Meflawè** se yon dokiman ofisyèl, ki ekri an 1620, pou mete lwa ak lòd nan koloni Plymouth (p. 12)

**Medicaid / Mediked** se yon pwogram sosyal ki bay leta lajan pou ede moun ki pa anmezi pou peye bòdwo medikal yo (p. 847)

**Medicare / Medikè** se yon pwogram sosyal ki la pou granmoun aje yo peye bòdwo medikal yo (p. 847)

**mercantilism / mèkantilis** se teyori ki vle di fòs yon leta oswa yon peyi depann de richès li (p. 18)

**merger / fizyon** lè de (2) oswa plis antrepriz reyini pou yo fòme yon sèl (571)

**MIAs / pèt nan aksyon** se sòlda yo konsidere ki disparèt nan yon aksyon (p. 889)

**migrant worker / travayè imigran** se yon moun k ap mache anpil kote pou li jwenn travay lè gen rekòt fwi ak legim (p. 737)

**migration / migrasyon** se deplasman anpil moun fè pou y ale nan yon nouvo peyi (p. 5)

**militarism / militaris** se yon konsantrasyon fòs militè andedan yon peyi (p. 667)

**militia / milis** se yon gwoup sivil ki antrene pou goumen nan kadijans (p. 23)

**mobilization / mobilizasyon** se ranmasaj resous ak preparasyon pou lagè (pp. 683, 765)

**moderate / modere** se moun ki pa dakò ak gwo chanjman sosyal oswa lide politik ekstrèm (p. 815)

**monopoly / monopòl** lè yon moun oswa yon konpayi ap kontwòle nèt yon kalite endistri (p. 570)

**muckraker / denichè** se yon jounalis ki dekouvri abi ak koripsyon nan yon sosyete (p. 613)

## N

**National Grange / Granj Nasyonal** se premye òganizasyon kiltivatè nan Etazini (p. 549)

**nationalism / nasyonalis** se santiman patriyotik pou yon peyi ak pwomosyon pou enterè peyi a sou lòt yo (p. 667)

**nativism / nativis** lè moun ki fèt nan yon peyi kwè yo siperyè imigran yo (p. 717)

**naturalization / natiralizasyon** se lè yo akòde yon etranje tout dwa sitwayènte (p. 47, 54)

**New Deal / Nouvo Kontra** se non yo te bay lwa nouvo ki te gen objektif pou soulaje Lagrann Depresyon. Se Kongrè a ki te vote lwa sa a pandan San Jou ak mwa ki te vin annapre yo (p. 733)

**nomadic / nomad** se lè yon moun ap fè deplasman pou ale anpil kote san li pa gen okenn kay pou li abite (p. 543)

**nomads / nomad** se moun k ap mache anpil kote, anjeneral pou chèche manje oswa patiraj (p. 5)



**normal school / lekòl nòmàl** se yon lekòl dezan pou fòm etidyan ki gradye nan lekòl segondè pou vin pwofesè (p. 413)

**Northwest Passage / Pasaj Nòdwès** se wout lanmè pou ale nan Azi esplwatè Ewopeyen an yo te konn chèche nan Amerik-di-Nò (p. 11)

## O

**on margin / achte anmaj** se lè yon moun achte aksyon, li peye sèlman yon fraksyon pri aksyon an epi li prete rès la (p. 725)

**Open Door Policy / Politik Pòt Louvri** se yon politik ki te dakò pou chak peyi etranje an Chin fè komès lib nan teritwa lòt peyi yo (p. 647)

**open range / patiraj lib** se tè ki pa ni klotire ni separe an pasèl (p. 534)

**ore / minrè** se yon mineral yo ekstrè pou jwenn sibstans valè ki gen ladan, tankou min ajan (p. 529)

**ozone / ozòn** se kouch gaz ki fèt ak yon fòm oksijèn pou pwoteje latè ak moun yo kont reyon solèy ki kapab lakòz moun gen kansè (p. 944)

## P

**pacifist / pasifis** se moun ki kont itilizasyon lafòs oswa vyolans pou rezoud yon diskisyon (p. 686)

**Patriots / Patriyòt** se kolon ameriken ki te gen detèminasyon pou goumen kont Britanik yo jiskaske Etazini jwenn endepandans li (p. 25)

**patronage / parenaj** se lòt non yo bay sistèm depouy kote yo distribye djòb ak avantaj gouvènman an ba alye ak zanmi politik (p. 612)

**peaceful coexistence / koyegzistans pasifik** se akò ant peyi ki pa dakò pou yo fè konkirans youn ak lòt men pou pa gen lagè (p. 820)

**pension / pansyon** se yon kantite lajan yo peye yon moun regilyèman, anjeneral apre moun nan pran retrèt li (p. 743)

**perestroika / perestwoyika** se yon politik gouvènman ak refòm ekonomik nan Inyon Sovyetik nan mitan ane 1980 yo (p. 926)

**perjury / fo temwayaj** lè yon moun fè sèman pou li di laverite epi li bay manti (p. 807)

**philanthropy / filantwopi** se zak charitab oswa kado lajan pou benefis yon kominote (p. 570)

**political machine / machin politik** se yon òganizasyon ki gen relasyon ak pati politik ki kontwòle souvan gouvènman lokal la (p. 610)

**pool / konsòsyòm** se yon pataj an gwoup nan kèk aktivite; pa egzanp, pami gwo travayè sou ray tren yo ki te fè akò sekre epi ki te ajiste tarif yo pami yo (p. 559)

**popular sovereignty / souverènte popilè** se teyori politik ki vle di gouvènman an ap dirije selon volonte pèp la (p. 36)

**Populist Party / Pati Popilis** se pati politik ameriken ki te fòmè en 1892 pou reprezante sitou kiltivatè yo, favorize lib sikilasyon lajan monnen ak kontwòl gouvènman an sou ray tren ak lòt monopòl (p. 550)

**poverty line / limit povrete** se yon nivo revni endividyèl oswa famiyal yo itilize pou konsidere yon moun kòm pòv selon estanda gouvènman an (p. 847)

**preamble / preyanbil** se entwodiksyon yon dokiman fòmèl, espesyalman Konstitisyon an (p. 35)

**precedent / presedan** se yon tradisyon (p. 75)

**primary / eleksyon primè** se yon eleksyon ki pèmèt elektè yo chwazi kandida pati yo (p. 614)

**productivity / pwodiktivite** se kantite travay chak travayè egzekite (pp. 710, 822)

**prohibition / pwohibisyon (entèdiksyon)** lè lalwa pa dakò pou pwodui ni vann bwason alkolize (p. 619)

**Prohibition / Lwa sou Pwohibisyon** se entèdiksyon nan peyi a sou fabrikasyon, vant ak transpò bwason alkolize nan Etazini. Lwa sa a te anvigè lè yo ratifye Uityèm Amandman an nan lane 1919 (p. 717)

**propaganda / pwopagann** se lide oswa enfòmasyon ki prepare epi ki gaye pou enfliyanse piblik la (p. 672)

**proprietary colony / koloni pwopriyetè** se koloni ki te anba kontwòl moun oswa gwoup ki te resevwa yo (p. 12)

**protectorate / pwotektora** se yon peyi ki endepandan teknikman, men ki toujou sou kontwòl yon lòt peyi (p. 657)

**public works / travo piblik** se pwojè tankou otowout, pak ak bibliyotèk ki bati avèk lajan leta pou sèvis piblik la (p. 727)

**Puritans / Piriten** se Pwotestan ki te dakò pou refòm Legliz Anglikàn nan pandan ane 1660 yo (p. 12)

## Q

**quota system / sistèm kota** se yon aranjman ki limite kantite imigran k ap sòti nan chak peyi (p. 718)

## R

**ragtime / ragtaym** se yon kalite mizik ki gen yon rit solid ak yon melodi anime ki baze sou nòt. Mizik sa a te trè popilè nan kòmansman ane 1900 yo (p. 601)

**ration / rasyon** se distribisyon atik ra sou yon baz limite (p. 766)

**realism / reyalis** se yon apwòch nan literati, boza, ak teyat ki prezante bagay yo fason yo ye reyèlman (p. 600)

**rebate / rabè** se eskont oswa ranbousman yon pati sou yon peman (p. 559)

**recall / revoke** se dwa ki pèmèt elektè yo retire nan fonksyon ofisyèl eli ki pa ba yo satisfaksyon (p. 614)

**recession / resesyon** se yon mouvman dekwasan nan aktivite ekonomik lan (p. 709)

**Reconstruction / Rekonstriksyon** se reyòganizasyon ak rekonstriksyon ansyen leta konfedere yo apre Lagè Sivil la (p. 98)

**referendum / referandòm** se pratik pou kite elektè aksepte oswa rejte mezi lejislati a pwopoze (p. 614)

**regionalism / rejyonalis** nan boza oswa literati, se pratik ki baze sou yon zòn espesyal peyi a (p. 600)

**relief / sekou** se èd pou moun ki nan nesosite; se yon pwogram asistans sosyal (p. 727)

**Renaissance / Renesans** se yon peryòd kreyativite entèlektyèl ak atistik, c. 1300-1600 (p. 7)

**reparations / reparasyon** se peman yon peyi ki pèdi lagè dwe fè ba peyi ki gen laviktwa a pou domaj lagè a lakòz (p. 690)

**republic / repiblik** se yon gouvènman kote sitwayen yo dirije avèk reprezantan ki eli (p. 26)

**republicanism / repiblikanis** sa ki anfavè repiblik oswa demokrasi reprezantatif, tankou pi bon sistèm gouvènman (p. 36)

**reservation / rezèv** se yon espas nan tè leta yo rezève pou Endyen Ameriken yo (p. 543)

**reserved powers / pouvwa rezève** se pouvwa leta yo konsève (p. 37)

**resolution / rezolisyon** se ekspresyon fòmèl yon pwendvi (p. 54)

**revenue / revni** se kantite lajan yon moun ap touche (p. 52)

**revenue sharing / pataj revni** se lajan ki ranmase nan taks federal epi ki distribye ba leta yo pou itilize nan nivo leta ak nan nivo lokal (p. 902)

## S

**sabotage / sabotaj** se aksyon sekre yon ajan oswa senpatizan lennmi ap fè pou domaje jefò yon peyi ap fè pou l ale nan lagè (p. 686)

**search-and-destroy mission / misyon pou chèche epi pou detwi** se yon estrateji ki te itilize an Vyetnam pou fòse ameriken yo chèche inite vyètkong ak vyètnamyen Nò yo epi pou detwi yo (p. 875)

**secede / fè sesesyon** kite oswa retire (p. 84)

**secession / sesesyon** retrè nan yon Inyon (p. 95)

**Second New Deal / Dezyèm Nouvo Kontra** se yon nouvo seri pwogram ak refòm Franklin D. Roosevelt te lanse nan lane 1935 (p. 744)

**sectionalism / rejyonalis** se onètete pou yon zòn (p. 82)

**segregation / segregasyon** se separasyon oswa izòlman yon ras, yon klas oswa yon gwoup (p. 838)

**Separatists / Separatis** se Pwotestan ki te dakò pou kite Legliz Anglikàn nan pandan ane 1660 yo pou yo te kapab kreye pa yo (p. 12)

**settlement house / sant edikasyon ak lwazi nan katye popilè** se enstitisyon yo mete nan katye pòv yo pou ofri plizyè sèvis kominotè tankou swen medikal, gadri, bibliyotèk ak kou nan lang Angle (p. 593)

**shareholder / aksyonè** se yon moun ki investi nan yon sosyete. Pou li fè sa, li achte aksyon ak yon pati nan pwopriyete a (p. 568)

**shuttle diplomacy / demach diplomatik** se negosyasyon ant peyi ki gen relasyon kote yon moun ap fè lanavèt nan mitan toulede peyi yo (p. 900)

**silent majority / majorite silansye** se fraz Nixon te itilize pou dekri majorite ameriken yo, espesyalman sa ki pa t ni pwoteste ni manifeste (p. 882)

**sit-in / sitin** lè moun okipe chèz oswa chita sou planche yon enstitisyon kòm yon fòm pwotestasyon òganize (p. 849)

**slum / bidonvil** se katye vil pòv ki peple ak degrade (p. 591)

**Social Security Act / Lwa Sekirite Sosyal** se yon lwa ki egzije travayè ak patwon yo pou yo peye yon taks; lajan taks la pèmèt moun ki pran retrèt yo jwenn yon pansyon chak mwa (p. 744)

**socialist / sosyalis** se moun ki kwè endistri yo ta dwe pou leta epi pou yo anba kontwòl gouvènman an olye pwopriyete prive yo (p. 686)

**sodbuster / sòdboustè** se non yo te bay kiltivatè Plèn yo (p. 539)

**sphere of influence / esfè enfliyans** se seksyon yon peyi kote yon peyi etranje ap jwi dwa ak pouvwa espesyal (p. 647)

**square deal / tretman onèt** se pwomès Theodore Roosevelt te fè pou li bay tout moun yon tretman egal ak onèt (p. 621)

**stagflation / estagflasyon** se yon konbinezon ogmantasyon pri ak yon ekonomi ki pa gen kwasans epi ki endike yon gwo to chomaj (p. 903)

**stalemate / enpas** se yon sitiyasyon ki gen nan yon konfli lè tout aksyon sispann piske toulede pati yo gen menm puisans epi youn pa janm vle sede ba lòt (p. 804)

**standard gauge / ekatman estanda** se lajè inifòm 4 pye, 8.5 pous pou vwa fere ki te adopte nan lane 1880 yo (p. 558)

**standard of living / nivodvi** se yon mezi richès ak kalite lavi tout moun; yon mininòm nesosite ak liks yon gwoup moun abitye jwenn (p. 822)

**steerage / antrepon** se yon espas etwat sou pon enferyè yon bato ki rezève pou pasaje ki peye pi piti pri vwayaj la (p. 584)

**stock / aksyon** se pati pwopriyete yon konpayi vann nan biznis li, sa ki konn bay pouvwa pou vote (p. 568)

**stock exchange / mache bousye** se kote y achte aksyon nan sosyete yo epi vann yo nan yon sistèm òganize (p. 725)

**strikebreaker / krazè grèv** se moun yo anboche pou ranplase travayè k ap fè grèv pou yo kapab kraze grèv la (p. 575)

**subsidy / sibvansyon** lè gouvènman bay yon moun oswa yon konpayi lajan pou yon aksyon ki vle fèt nan avantaj piblik la (pp. 530, 733)

**suburbs / banlye** se zòn rezidansyèl ki te parèt toupre vil yo oswa ki te nan antouraj vil yo akòz amelyorasyon ki gen nan transpò a (p. 592)

**subversion / sibvèsyon** se moun k ap travay sekretman nan yon gouvènman epi k ap fè tantativ pou jete gouvènan an (p. 806)

**suffragist / sifrajis** se yon gason oswa yon fanm ki t ap goumen pou fanm gen dwa pou vote (p. 616)

**summit / somè** se yon reyinyon ki òganize pou moun ki alatèt gouvènman yo (p. 820)

**surplus / eksedan** se sipli; se kantite lajan ki rete apre yo fin fè depans ki nesèsè yo (p. 815)

**sweatshop / switchòp** se yon magazen oswa faktori kote travayè yo travay pou yon salè ba pandan anpil lè nan kondisyon ki pa bon pou sante yo (pp. 573, 585)

## T

- tariff / dwa ladwann** se yon taks ki aplike sou enpòtasyon ak ekspòtasyon (p. 84)
- tenant farmer / meteye** se kiltivatè k ap travay sou tè yon lòt moun posede epi k ap peye lwaye a swa ak lajan kach swa ak rekòt kilti li fè a (p. 91)
- tenement / bilding ansyen** se yon bilding kote anpil fanmi lwe chanm oswa apatman, souvan ki pa twò pwòp oswa ki pa gen anpil sekirite (p. 591)
- terrorism / teworis** lè yon gwoup moun itilize vyolans kont sivil yo pou yon bi politik (p. 944)
- theocracy / teyokrasi** se yon fòm gouvènman kote se dirijan relijye ki alatèt sosyete a (p. 5)
- totalitarian / totalitè** se yon sistèm politik kote gouvènman an entèdi tout opozisyon epi li gen kontwòl sou pifò aspè lavi popilasyon an (p. 754)
- trade deficit / defisi komèsyal** se sitiyasyon kote valè enpòtasyon yon peyi pi plis pase valè ekspòtasyon peyi a (p. 911)
- trade union / sendika** se òganizasyon travayè ki gen menm metye oswa ladrès (p. 573)
- transcontinental / transkontinantal** se ogmantasyon teritwa atravè yon kontinan (p. 531)
- triangular trade / komès triyangilè** se yon wout komèsyal ki itilize pou fè echanj byen ant Antiy yo, koloni ameriken yo ak Afrik Lwès (p. 17)
- trust / twòst** se yon òganizasyon antrepriz oswa sosyete ki fòm avèk yon akò legal, espesyalman pou diminye zafè konkirans lan (pp. 569, 612)
- trustbuster / anti-monopòl** se yon moun ki vyole yon konfyans nan yon ti konpayi (p. 621)

## U

- underemployment / souzanplwa** se kondisyon moun ki twò kalifye pou yon djòb oswa ki pa itilize konpetans li nan djòb la (p. 908)
- Underground Railroad / Rezo Sekrè pou ede esklav fè mawonaj** se yon sistèm ki te ede esklav Afriken Ameriken yo swiv yon rezo pou sove nan Sid pou yo kapab jwenn libète yo nan Nò (p. 93)
- unemployment insurance / konpansasyon chomaj** lè moun ki pèdi djòb yo resevwa peman gouvènman pandan yon peryòd limite (p. 744)
- utopia / itopi** se kominote ki baze sou vizyon yon sosyete pafè refòmè yo t ap chèche (p. 91)

## V

- vaquero / vakwewo** se non jeran fèm latino-ameriken (p. 536)
- vaudeville / varyete** se teyat an sèn ki gen ladan divès ak, tankou dans, chant, komedi ak divètisman majik (p. 602)
- vertical integration / entegrasyon vètikal** se mete ansanm konpayi ki ofri ekipman ak sèvis ki nesèsè pou yon endistri espesyal (p. 570)
- Vietcong / Vyètkong** se sòlda geriya faksyon kominis nan Vyetnam, ki rele tou Fwon Nasyonal Liberasyon (p. 872)

**Vietnamization / Vyetnamizasyon** se politik Nixon ki egzije Vyetnam Sid patisipe pi plis nan batay lagè a epi pou ameriken yo patisipe mwens (p. 885)  
**vigilantes / manm gwoup oto-defans** se moun ki pa respekte lalwa (p. 529)

## W

**work relief / sekou travay** se pwogram ki te pèmèt moun ki nan nesosite jwenn djòb gouvènman yo (p. 733)

**writ of assistance / manda pèkizasyon** se dokiman legal ki pèmèt ofisye yo fouye kay ak depo pou jwenn manje ki antre nan kontrebann (p. 20)

## Y

**yellow journalism / jounalis sansayonalis** se jounalis ki ekri sou evènman trajik avèk yon sansasyon egzajere, enpresyonan pou atire lektè yo, ki site istwa ki te popilè nan fen ane 1800 yo (p. 600); yon kalite repòtaj sansasyonèl, ki gen fòskote epi ki konn fo anjeneral (p. 650)

**yeoman / yewoman** se moun nan Sid ki posede yon ti fèm epi ki pa gen okenn esklav (p. 91)